# ӘБДИҚӘДИР БЕКИМБЕТ УЛЫ

## ТАҢЛАМАЛЫ ҚОСЫҚЛАРЫ

Баспаға таярлағанлар:

*Н. ЖАПАҚОВ*
*А. КӘРИМОВ*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1966

www.ziyouz.com kutubxonasi

Индекс $\frac{7-4-3}{60-66м}$

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘБДИҚӘДИР ШАЙЫР БЕКИМБЕТ УЛЫ

Әбдиқәдир Бекимбет улының өмири ҳәм шығармалары ҳәзирги күнге дейин әдебиятымызда мәлим болмай келди. Шайырдың толық емес түринде „Қыз-кеткен", „ол неге дәркар" деген еки қосығын 1946-жылы Чимбай районының 5-аўылында турыўшы Төлеген Төремуратовтан шайыр И. Юсупов жазып алған. Бул қосықлар сол жазып алынған ҳалында ҳеш жерде жәрияланбастан қалған.

Соңғы ўақытта бизиң қолымызға Әбдиқәдир Бекимбет улы ҳаққында әдеўир мағлыўматлар ҳәм шайырдың көп қосықлары келип түсти. Усыған байланыслы бизлер шайырдың жасаған жерлерине барып, бул мағлыўматлар ҳәм қосықларды анықлаўға ҳәрекет еттик. Нәтийжеде, қарақалпақ әдәбияты ушын, улыўма мәденият ғәзийнемиз ушын әҳмийетли болған көп нәрселер тағы да анықланды. Жыйналған материаллар Әдиқәдир шайырдың өмирин анықлаўға әдеўир мүмкиншилик береди. Соның менен бирге, истиң барысында шайыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

...ың бар қосықлары анықланып, көп қосықлары шайырды жақсы билиўши адамлардан жаңадан жазып алынды. Нәтийжеде усы топламды дүзип, баспаға таярлаў мүмкиншилиги не ийе болдық.

Әбдиқәдир Бекимбет улы 1860-жылы Чимбай қаласына жақын Тағжап аўылында (Мәнжиўли аўылы деп атайды), ҳәзирги Чимбай совхозының Калинин атындағы бөлиминде, жарлы семьяда туўылған. Шайырдың әкеси Бекимбет жоқшылық, кемтарлықта жасаған.

Әбдиқәдирди көрген, оны жақсы билетуғып адамлардың айтыўына қарағанда Қарақалпақстанда Совет ҳүкимети орнағанға шекем ол әкеси сыяқлы кемтарлық, жоқшылық турмысты ҳәм оның аўыр қысыўметлерин басынан кеширеди. Шайыр кембағаллық турмысқа байланыслы Шаббаз, Төрткүл, Хорезм тәреплерге ҳәм Сырдәрья бойына қазақ халқының арасына барып талап ислеген. Қарақалпақстанда Совет власты орнамастан бурынырақ шайыр Тахтакөпирдеги „Сарытай қумы" деген жерде отыратуғын бажасын паналап, сол жерге көшип барып отырған. Бирақ усы жыллары шайырдың ҳаялы қайтыс болып, шым-шырқадай балалары менен өзинин аўылына қайтып көшип келиўге мәжбүр болады.

Әбдиқәдир өз заманындағы саўатлы адамлардың бири болған. Ол қолының жоқ-жуқалығына қарамастан, өз аўылындағы Айым-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бет ийшанның мешитинде оқыған ҳәм саўатын ашқан.

Шайырдың өскен аўылы „Ийшан аўыл" деп аталған. Ол Айымбет ийшанның әўладлары болған мақсым ийшан, суўпы ҳәм моллалар менен қоңсы отырған. Биราқта шайыр усындай жерде өсседе, ол диншиллердиң халықты езиўши екенин жақсы түсингенин ҳәм оны әшкаралағанын көремиз.

Бунның себеби, шайыр диншиллердиң бузықлық қылўаларын көреди ҳәм оларға деген жек көриўшилик сезимин күшейтеди. Сонлықтан да шайыр өзиниң аўылындағы молла, ийшан, ахун, суўпыларды, олардың жаман ислерин халық алдында әшкаралап отырады. Усы себептен болса керек, диншил топарлар Әбдиқәдирди оғада жек көрген, сөзлерин „пәтўасыз" деп есаплаған. Бирақта шайырдың оларды әшкаралап жазған қосықлары халық массасы арасына кең таралып, тез ядлап алынып, айтылатуғын болған. Бул жөнинде, Әбдиқәдир шайырдың жақын ағайинлери ҳәм оны көрген Халмурат Пирекеевтың берген мағлыўматларынан үзинди келтирейик:

— Әбдиқәдир шайыр: болыс, ақсақалларды, молла ийшан, суўпыларды, олардың зулымлық, бузық ислерин күтә жек көретуғын еди. Оларды бет жүзине қарамай әшкаралап қосықларды жазды. Бизлер бундай қосықларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

ядлап алып жүретуғын едик. Ҳәзир де сол қосықларынан көбиси ядымда бар.

Бир күни усы аўылдағы ахун Әбдиқәдирге: „Сени журтлар шайыр дейди, қәне шайырлығыңды көрейик, бир нәрсе айтып жибер деген. Сонда Шайыр:

„Өзиң ахун емес, лақабың ахун,
Үлкен қатыныңнан кишкенеси жақын,
Қуданы бир билсең бөлип бер ҳақын...“

деп қосықтың кейнин даўамламақшы болған. Бирақ усы жерге келгенде ахун Әбдиқәдирди тоқтатқан...

Әбдиқәдир Бекимбет улының жас ўақытларынан баслап ақ әдебиятқа деген қызығыўшылығының басланғанын көремиз. Өзинен бурынғы Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтештиң шығармалары менен жақыннан таныс болған. Мысалы, Әбдиқәдирдиң „Ол неге дәркар“ „Жақсыды“, „Болар“ қосықлары Бердақтың „Халық ушын“ „Жақсырақ“ қосықлары менен пүткиллей үнлес.

Әбдиқәдир еки заманды көрген шайыр, Жарлы халыққа пана болған жаңа ҳүкиметтиң, совет ҳүкиметиниң орнаўын қуўаныш пенен қарсы алады. 1920-жылы жазған „Көрдим“ қосығында бул қуўаныш айқын сәўлеленген.

Шайыр Совет ҳүкиметиниң алып барған сиясатын қуўатлайды. Ҳүкиметтиң халықтики



www.ziyouz.com kutubxonasi

екенин, жаслардың оқып билим алыўын жақ-лайды. Буған бир мысал ретинде Төлеген Төремуратовтың Әбдиқәдир шайыр ҳаққындағы еске түсириўин келтириў мүмкин: „Әбдиқәдир—сөзи жупкер, қосықлары мазмунлы шайыр адам еди, оның данқы Чимбай, Тахтакөпир әтирапларына мәлим болды. Мен 1930-жыллары муғаллим болып жүрген жылларында ол картайған киси еди. Бир күни оқыўшыларды мойынларына галстук таққызып, қолларына қызыл байрақ көтертип, қатарға дизип Әбдиқәдир отырған ийшан аўылдың ортасындағы гүзар жол менен өткермекши болдық ҳәм усылай иследик. Бизлер аўылдың арасы менен өтип баратырсақ, шайыр үйиниң алдына шығып бизлерге қызығып қарап турған екен. Жол оның үйиниң алдынан өтетуғын еди, ол оқыўшылардың тәртип пенен аяқ басып жүргенине, мойынларындағы галстугине, қолларына көтерип киятырған қызыл байрағына көз алмай қарап турды. Бизлер оның үйиниң алдына жақынлағанымызда, ол бизлердиң алдымызға шығып турды. Бизлер оған сәлем бердик. Шайыр сол жерде оқыўшыларға нәсият қосық шығарды. Бул қосық оқыўшыларға билим алыў, тәртипли болыў, ҳүкиметтиң хызметин аянбай ислеў мазмунында еди. Мен оны жазып ала алмадым". Оның үстине шайырдың „Устаз" қосығы да жоқарыдағы пикирлерди толықтырады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбдиқәдир шайыр кеўили ашық адам болған. Шайырдың бул жақсы сыпатын биз бенен гүрринлескен адамлардың барлығы да тастыйықлап өтеди.

Әбдиқәдир Бекимбет улы менен шайыр, драматург, мәмлекетлик искер Қасым Әўезов арасында да күшли байланыс болған. Қасым Әўезов Төрткүлде ислеп журген жылларында Әбдикәдирге Төрткүлге бар деп өтиниш еткен. Оны рәсмий түрде шақырған. Бирақ шайыр Төрткүлге бара алмай ақ, 1930-жылы қайтыс болады.

Ҳәзирге дейин Әбдиқәдир Бекимбет улының бир мың еки жүз қосық қатарына шамалас 25 қосығы жыйналды. Бул қосықлардын көбиси революциядан бурын жазылған.

Әбдиқәдир Бекимбет улының революцияға дейинги шығармаларының тематикасы өз дәўириниң үстем класс ўәкиллерин әшкаралаў, жарлы мийнеткеш халықтың аўыр турмысын жырлаў болса, Совет властыжылларында жазған қосықларында ол Совет платформасында турып, ескиниң қалдығы болған дин ийелериниң минезиндеги ҳәм исиндеги жарамсызлықларды әшкара етиўден ибарат.

Шайырдың Қарақалпакстанда Совет властыорнағанға шекемги творчествосына тоқтағанымызда ең дәслеп көз алдымызда оның „Қатты ағардан жыққын кетти", „Қыз-кеткен", „Мегзер" шығармалары турады. Бул шығар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

малардан шайырдың көз қарасы, идеясы, оғада анық сезиледи.

„Қатты ағардан жыққын кетти“ қосығында елдиң мийнет пенен келтирген дийханшылығын, жай үскенесин суў басып, оннан жәбир көрген мийнеткеш халық турмысы сүўретленеди. Бул аўыр картиналар халықтың сол ўақыттағы турмысында бәрҳама болып туратуғын ўақыя болған.

Қосық 1911—1912-жылғы Қатты ағардың сағасынан кеткен жыққын ўақыясына арналған. Шайыр бул қосығында тек ғана жыққын ўақыясын айтып коймастан бай, болыс, ақсақаллардың, адамгершиликке жат ҳәрекетлеринде ашып береди.

Қатты ағардан жыққын кетип, халықтың маңлайдан тер төгип камалға келтирген дийханшылықлары, үй-үскенелери суў астында калып, бул апат кем-кем ен жая береди. Жыққынды байлаў ушын аш-жалаңаш, ғәрип-қәсерлердиң барлығын сол жыққынға зорлық пенен айдайды, соларға исенип, сонша малымүлки, жери бар байлар, бийлер ҳәм басқада ҳәмелдарлар бул аўыр иске бел буўып араласпайды. Шайыр бул жағдайларды қосықта төмендегише сүўретлейди:

„Аш халықлар, арқаланып,
Ақсақ майып иши жанып,
. . . . . . . . . . . . .
Қашы шабыўға келген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Сокпақ сол ғой“ деп ентелей,
Қыйсық жолларды төтелеп,
Соқырды саўлар жетелеп,
Қатты ағарға келген екен“.

Мийнеткеш халық жыққынды байлаўға кетип, үлкен қыйыншылықты басынан кеширип атырғанда, халықтың арасында байлар менен ҳәмелдарлардың ғоддаслап аўылда жүргени, оларға ҳешқандай жәрдем көрсетпегени былайынша көрсетиледи:

„Елди суў алып жатқанда,
Қара үй суўда халыққанда
Аралға қарап аққанда,
Болыс елде жатқан екен.

Байлаўға көрмей ҳәрекет
Қолында бар кәрежет.
Болыс, ақсақал қара бет,
Биймәни сөз айтқан екен“.

Шайырдың „Қыз-кеткен“ қосығы ҳақыйқат болған ўақыяға арналған. 1915—1916-жыллары қарақалпақлардың Россия патшалығына қараслы Чимбай уезди суўсызлықтан қатты тарығады. Елде күшли наразылық басланады. Сол ўақыттың ҳәкимлери халықтың улыўма қысқысы астында суў ҳаққында бир илаж көриўге мәжбүр болады. Ол иләж Қатты ағардың сағасы суўлық етпегеннен кейин, Қыз-кеткенге жаңа саға алыў болып табылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосықта, ең дәслеп сол ўақытларда ҳүким сүрген социаль теңсизлик әшкара етиледи. Мысалы: қазыўды жери көплер, жер ийеси болған феодаллар қазбай, болыс, ақсақалларға пара берип, қазыўдан қутылып қалады, ал қазыўды тек мийнеткеш халық қазады. Мийнеткешлердиң онысыз да аўыр турмысы қазыў ақыбетинде тағы да аўырланады. Ҳәмелдарлар қазыўда пара алып пайдаланады. Шайыр бул аўҳалды төмендегише жырлайды:

„Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарын ашқа салды,
Қуўып айдап кембағалды,
Бийлер жүдә жаман болды.

Бий, болыс, бай, ийшан, хожа,
Сөйлесип алып оңаша,
Аш халыққа салып ақша,
Берҳа берлеп жаман болды.

Бермегенин талап алды,
Аш қасқырдай қамап алды,
Сәл қыйт етсе аўыз салды,
Бир қыямет заман болды".

Болыс ҳәм ақсақаллардың пара алыўынын нәтийжесинде қазыўға белдар жибериў тәртиби турпайы түрде бузылады, байлар белдардан қутқарылады. Қазыўдың барлық аўырманлығы тек мийнеткеш халықтың басына түседи. Бул реаль ҳақыйқатлықты шайыр халық позициясында турып көре биледи. Ша-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йырдың бизге жақынлығы да усыдан анық көринеди. Сөзимизди тастыйықлаў ушын қосықтан тағы бир мысал келтирейик:

„Белдар салды тас өзекке,
Аш-жаланаш өзи жекке,
Болыс, ақсақал жемекке,
Қазыў, сылтаў қолай болды".

Шайыр соның ушын да жарлы халықтың аш-әптада болыўын, байлардың орнына қазыўға жарлылардың барыўын, аўыр қазыўда көп мийнеткешлердиң тамақ таппай, аштан өлиўин сол ески заманның әдилсизлигиниң ақыбети деп түсинеди ҳәм қосықта да солай сүўретлейди:

Аўылда да жоқ ҳәм азық,
Жарлы болғаның деп жазық,
Ким қыйт етсе қақты қазық,
Басы байлы заман болды.

Күни-түни қазыў қазып,
Жейтуғын жоқ жүрек сазып,..
Қарны қабысып, қаны қашып,
Нешше адамлар өлди аштан".

деген ҳәм баска қатарлары жоқарыдағы пикирлеримиздиң дәлийли бола алады.

„Қыз-кеткен" қосығы қарақалпақ халқының турақлы жер ийелеў, ол ушын егис жерлерин суў менен тәмийин етиўдеги гүрес тарийхында үлкен әҳмийетке ийе шығарма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырдың „Қыз-кеткен“ косығы қарақалпақстанда революцияға шекемги дәўирдеги социаль теңсизликти, жәмийетлик дүзимди әшкаралаўы, мийнеткешлердиң аянышлы турмысын көрсетиўи, реалистлик детальларға бай, турмыстың ең шешиўши мәселелерининң бири—халықтың суў ушын гүресиниң көркем әдебиятта сәўлелендирилиўи жағынан ғана әҳмийетли болып қалмай, ол соның менен бирге көркемлиги, халыққа түсиникли болыў жағынан да күтә баҳалы.

Ал шайырдың 1916-жылы жазылған „Мегзер“ қосығы да әҳмийетли шығармалардан есапланады. „Мегзер“ қосығында шайыр:

„Әне көриң алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма. ол кимге дәркар..“

деп, халықтың мәрдикарға кейпин аңлатады.

Шынында да мийнеткеш халықтың мәрдикарға қарсы болғаны мәлим. Шайыр усы қосықта мийнеткеш халықтың алдына мынадай ой таслайды:

„Ҳәмелдарлар пухараны қыйнаса,
Жерди, суўды саған көзи қыймаса,
Қабы толы, сенин қабың толмаса..
Жыйған-тергенинди қолыннан алса,
Улыў, қызың қара пулға зар болса,
Кийер кийим яне пана болмаса,
Ойлаң елим булар қайсыға мегзер..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырдың еле излеп табылмаған қосықлары көп болыўы мүмкин. Биракта соны ескертип өтиў керек, шайырдың „Қатты ағардан жыққын кетти“, „Қыз кеткен“, „Мегзер“ қосықлары бизиң қолымызда ҳәзирше халық аўзынан жазып алынған түринде бар. Кишигирим анализлерде усы вариант бойынша исленип отыр. Шайырдың қол жазбасы ямаса сол дәўирдеги көширмеси табылып қалар дегер үмиттемиз.

Әбдиқәдирдиң мийнеткеш халықтың жыршысы болғаны оның „Ол неге дәркар“, „Жақсыды“, „Болар“, „Керек“ ҳәм тағы басқа қосықлары да көрсетеди. Ол шығармаларында да халықты ҳадал мийнетке шақырыў, халық ушын хызмет етиў, әдил емес басшы менен елдеги бузақылардан қашыў, оларға қарсы гүрес алып барыў, адамгершиликтиң жақсы қәсийетлерине шақырыў ҳәм тағы басқа прогрессив идеялар бериледи.

Биз жоқарыда Әбдиқәдир Бекимбет улының өмирбаянына, революцияға дейинги шығармаларына қысқаша тоқтап өттик. Революцияға дейинги шығармаларында шайыр өз халқы ушын бахытлы заманды әрман етти. Революцияның жеңиси нәтийжесинен, Совет ҳүкиметиниң сиясатынан усы халық әрманының тилек үмитлериниң иске асқанын көрди.

Коммунистлик партиямыз, Совет ҳүкимети өзиниң дөреген дәўириниң дәслепки күнлери-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен баслап ақ халық ушын мәденият майданында хызмет етиўшилерди жоқары баҳалады, олардың совет платформасында турып, совет ҳақыйқатлығын көркем әдебиятта шынлық пенен сәўлелендириўине жәрдем етти. Мине, бул жағдайлар шайырдың Совет ҳақыйқатлығын жырлаўына, жаңа шығармалар дөретиўине бағдар береди.

Совет власты дәўиринде пайда болған жәмийетлик өзгерислер, халықтың турмыс жағдайлары шайыр творчествосында жаңа темаларды келтирип шығарады. Шайыр Октябрь революциясының жеңиси нәтийжесинде жаңа Совет ҳүкиметиниң пайда болыўы менен бирге мийнеткешлер ушын жаңа дәўирдиң, жаңа заманның басланғанын сезеди. Бул идеяларды шайырдың „Көрдим" қосығынан аңлаўға болады:

Әй яранлар, тәўсип әйлей көргеним,  
Жигирмаланшы жылды көрдим, шадландым,  
Оң жағымнан атып таңым жалтырап,  
Нурына бөленип, қайтадан туўдым.

Ел басқарды жарлы-жалаңаяқлар,  
. . . . . . . . . . . . . . . . . . .  
Қол усласып ериў жәнe ҳаяллар,  
Душпанына найза урғанын көрдим.

Әбдиқәдир шайыр, дәрьядай тасын,  
Қартайып алпыстан асқанда жасын,  
Алтыннан артық деп сөз билен басын,  
Шайыр өз нырқыны тапқанын көрдим".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы үзиндиниң өзинен де революция халыққа азатлық бериў менен бирге, шайырдың да өз орнын тапқаны, оның ушын қуўанышлы ҳәм бахытлы екенин йош пенен жырлағаны аңланады.

Өз үстемлигинен айрылған класс душпанлары партиямыздың ҳәм совет ҳүкиметиниң сиясатына қарсы барлық ҳийлелер менен, соның ишинде дин ўәкиллерин де пайдаланып қарсы шығып көрди. Айырым жерлерде дин ўәкиллери халықтың артта қалған бөлегине тәсир де ете баслады. Шайыр дин ўәкиллериниң халыққа болған қиянетшилик ҳәрекетлерин революциядан бурын да әшкаралап шығарма жазса, енди совет ҳүкимети дәўиринде оларды бурынғыдан да бетер өткир сөз бенен түйрей баслайды. Буны шайырдың „Устазым", „Суўпы", „Бай менен жарлы айтысы" деген қосықларынан күтә анық көриўге болады.

Шайырдың әсиресе „Бай менен жарлы айтысы" ҳәм „Устазым" деген қосықлары дыққатқа турарлық. Бунда ол дин ўәкиллерин қатты әшкаралайды. Мысалы „Устазым" қосындағы ахунның минезинде, исинде болған барлық иплаcлықларды ашып таслайды:

Өлимге жүресең тәбаррик окып,
Тақыўа болып шәрияттан сөз тоқып,
Өтирикти айтып, ҳарамнан шоқып,
Өли емес, тири жедиң устазым..."



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Суўпы" қосығы өтирикши, бузықлық етиўши суўпыны әшкаралап, оны өткир сатира астына алады.

Әбдиқәдир ҳәм басқа да усы сыяқлы шайырлардың шығармалары еле толық жыйналып питкен жоқ. Буны анықлаў ҳәм жыйнаў тек илим изертлеў мәкемеси хызметкерлериниң ўазыйпасы ғана болып қалмай, пүткил халық бул ислерди қолға алса, оғада бай мәдений мийрасларымыз дыққат пенен жазылып алынса, жумыс жемисли болатуғыны сөзсиз.

Сөздиң кейнинде Әбдиқәдир Бекимбет улынын өмирине ҳәм творчествосына байланыслы бир нешше ескертиўлер берип өтиўди де мақул көрдик.

* * *

Әбдиқәдир Бекимбет улынын усы топламға кирген қосықлары төмендеги жолдаслардан жазып алынды:

1. „Мегзер", „Екен", „Жақсыды", „Көрдим", „Жигирма бес", „Устазым", „Бай менен жарлы айтысы" қосықлары Төлеген Төремуратовтан жазып алынды ҳәм онын өзи бул қосықлардың бир қатарын билетуғын адамлардан жазып алып тапсырды.

2. „Ол неге дәркар", „Болар", „Қатты ағардан жыққын кетти", „Устазым" қосықлары Сайыпназар Бекназаровтың үй архивинен көширип алынды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. „Ийшаным“, „Суўпы“, „Керек“, „Қазыўда“, „Молла Асқар“ қосықлары Халмурат Пирекеевтен жазып алынды.

Топламды баспаға таярлаў процесинде қол жазбаны оқып шыққан жолдаслардың усынислары бойынша шайырдың бир қатар қосықлары топламнан алып тасланды, ал айырымлары қысқартылып жиберилди.

*Жапақов Н.*
*Кәримов А.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗ-КЕТКЕН

Тарийх келди отыз төртке[1]
Қалды адамлар мийнетке
Кеўли кетип ҳәр нийетке,
Мәнпәҳәтсиз заман болды.

Белдар салды тас өзекке,
Аш-жалаңаш өзи жекке,
Болыс, ақсақал жемекке,
Қазыў сылтаў қолай болды.

Болыс буйрық қағаз жайып,
Айдағаны ақсақ майып,
Дәўлет пушық болып найып,
Бул бәринен жаман болды.

Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарын ашқа салды,

---

[1]. Бул жерде Ҳижре есабы—1334—, бизиң жыл санаўымыздан 1915-жылларға туўра келеди. (*Н. Ж.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўып айдап кембағалды,
Бийлер жүдә жаман болды.

Он бир болыс барды қалмай,
Кәтерелиге белдар салмай,
Жарлының сөзин тыңламай,
Бир зулымлық жаман болды.

Бий, болыс, бай, ийшан, хожа
Сөйлесип алып оңаша,
Аш халыққа салып ақша,
Берҳа берлеп жаман болды.

Бермегеннен талап алды,
Аш қасқырдай қамап алды,
Сәл қыйт етсе аўыз салды,
Бир қыямет заман болды.

Кеширек жатып, ерте турып,
Томпаңласып адым урып,
Қарыны аш, димары қурып,
Парша нан жоқ заман болды.

Турып етти ерте талап,
Ишкенлери айран-шалап,
Жас балалар қалды жылап,
Бала бағыў жаман болды.

Жаман шапанларын суўлап,
Көлде жүрген балық аўлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәжимурат болыс камшы услап,
Балықшыға жаман болды.

Қағазларын қарай алмай,
Азырақ ўақыт сорай алмай,
Қамшыдан зәрреси қалмай,
Болыслар бий ийман болды.

Көлде жүрген қайықшылар,
Арзын айтса айып санар,
Бүгеженлеп балықшылар,
Бәри жолға рәўан болды.

Қойнаўдағы казашылар,
Басаттағы падашылар,
Жәбир көрип жыладылар,
Болыс үстем заман болды.

Мойнактағы мүйтен ҳәмме,
Жаман Қоңырат Майшы және,
Қақпаш жүклеп кеме-кеме,
Барлығы бир кәрўан болды.

Балық аўлаўды еткен пеше,
Қармақ салды қонып кеше,
Нәретаны қарап нешше
Балық табыў гүман болды.

Тағашы менен темирши
Көрикши менен көмирши,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елпилдеп уста етикши,
Буларға да пәрман болды.

Дийханларды дүркин-дүркин,
Қамшы урып айдап ҳәр күн,
Басынан жерге түскен бөркин,
Алып кийиў гуман болды.

Қатын, бала бир иттифақ[1],
Арқасында қазан-табақ,
Кимлер арқалап суў қабақ,
Бәри сағаға таяр болды.

Табанларын қыршып таслақ,
Пухара-байлаўлы баспақ,
Қарны аш болса қайда қашпақ,
Барар жери гүман болды.

Жаяў айдап жасаўыллар,
Күни-түни ғазап қылар,
Ғәрип-қәсер, жарлы адамлар,
Бунның ҳалы жаман болды.

Он бир болыс қалмай барды,
Санап белдарларын салды,
Ким келди, ким келмей қалды,
Барлық ҳесап тамам болды.

---

1. *Иттифақ*—аўқам деген мәниде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сексен бес мың белдар салды,
Әмиўдәрьядан сағa алды,
Қазған менен ақпай қалды,
Суўға ғәҳәт заман болды.

Сағасының бардур тасы,
Бул бир әламаттың басы,
Жарлының аққан көз жасы,
Баяғыдай топан болды.

Наўрыз болыс ел ағасы,
Дөң қалды қазған сағасы,
Шөлистанлық мүддаҳасы,
Бул оғада жаман болды.

Муртын таўлап музаппаты,
Астында бар яўмут аты,
Қолында бар қара хаты,
Патшасынан пәрман болды.

Мыйығынан батып майға,
Белдар салмай ийшан, байға,
Дорақ[1]сaң деп Төребайға,
Белдар тап деп пәрман болды.

Надан дорақ Наўрыз болыс,
Жан аўыртпас жаман жумыс,

---

[1] *Дорақ*—ахмақ деген сөз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизге жақпайды деп бул ис,
Буған хатты пәрман болды.

Шынықул болыс Чимбайдан,
Мийини дүзеп бир майдан,
Белдар сөрап Бегзат байдан,
Пара үйди-қырман болды.

Байеке қайда бес жаптан,
Шамурат ўаллам ат шапқан,
Төрт белдардан пара алған,
Теңге менен қырман болды.

Темирхан болыс Дәўқарадан,
Хожалыққа бир қарадан,
Алып қалдырған сол қәрадан,
Бунық бәри зыян болды.

Тәжимурат болыс Таллықтан,
Баласын баққан балықтан
Көп ақша алып халықтан,
Болыс жегени аян болды.

Дийханның болмай дегени,
Елдиң дым жарлы екени,
Жарма ишип, такан жегени,
Буўынында дәрман болды.

Карны қабысып, қаны қашқаң,
Нешше адамлар өлди аштан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тас аўдарып Тахиа-таштан
Бир гөристан заман болды.

Күни-түни қазыў қазып,
Жейтуғын жоқ, жүрек сазып,
Алпан семиз кетти азып.
Турмыс қысқан заман болды.

Аштан албырап аламан,
Түнде тақанын талаған,
Биразлар қатын-баладан,
Бийбақ болған заман болды.

Аўылда да жоқ ҳәм азық,
Жарлы болғанын деп жазық,
Ким қыйт етсе қақты қазық,
Басы байлы заман болды.

Маңғыттан бир өлди мурап,
Сейтназардан рухсат сорап,
Өз кийимине көмди орап,
Балаларына жаман болды.

Мурап гөрде жатыр музлап,
Бала, қатыны қалды бозлап,
Халықтың гөне дәртин қозғап,
Бир зарлаған заман болды.

Қуўып келип дыз еткенди,
Қамап урып сыз еткенди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазып болып Қыз-кеткенди,
Патшаға бул аян болды,

Әмиўден саға ашпаға,
Билдиргеннен соң патшаға,
Арын сатқанлар ақшаға,
Болыс, бийлер шадман болды.

Биразлар шығып ортаға,
Сағаны ашты жортаға,
Суўы жетпеди Соршаға,
Баяғыдан жаман болды.

Қыз-кеткен және қазайын,
Сен ақпасаң белдар тайын,
Аш халықтың алдың айын,
Пухараға зыян болды.

Әмиўден ҳеш суў ақпады,
Қаскалдақ қанат қақпады,
Дийхан жаптан суў таппады,
Бир шөлистан заман болды.

Арпа, жазлықты себе алмай,
Арба косып, ат жеге алмай,
Ел азды, егин еге алмай,
Посқыншылық заман болды.

Ызғырық желдей ысқырып,
Болыслар шықты пысқырып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кимди урып, кимди қырып,
Бас кескенлик заман болды.

„—Салықты төле!" сылтаўы,
Болыстың қамшы былғаўы,
Халықтың тилегин қылмаўы,
Билгенлерге жаман болды.

Үйлери де қалды қаңрап,
Бирақ мал жоқ қалған маңрап,
Аш адамлар көшкен аңрап,
Барар жер жоқ, сарсаң болды.

Болыс уездге қол берди,
Параны күтә мол берди,
Болысқа кеңнен жол берди,
Бирақ изи жаман болды.

*1915—1916 жыллар*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАТТЫ АҒАРДАН ЖЫҚҚЫН КЕТТИ

Қатты ағардан жыққын кетти,
Жылдам Қотан көлге жетти,
Егинлерди ўайран етти,
Елге жәбир болған екен.

Суў басқыны жаман болды,
Бийдай, арпа сабан болды,
Бесжап, нәўпир аман болды,
Басқаларын алған екен.

Елди суў алып жатқанда,
Қара үй суўда қалыққанда,
Аралға қарап аққанда,
Болыс елде жатқан екен.

Байлаўға көрмей ҳәрекет
Қолында бар кәрежет,
Болыс, ақсақал қара бет,
Бийпәни сөз айтқан екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төсегин суў алса турмай,
Баса-баска мойын бурмай,
Байларға кел деп жар урмай,
Өз ҳәзлигин қурған екен.

Қулмурат болыс қутырып,
Ўаззақы таўып көпирип,
Көкнар кесени толтырып,
Көзин жумып тартқан екен.

Елге мурап ол Елмурат,
Қасында болыс Қулмурат,
Қос жасаўыл Айтым, Мурат,
Ел де булардан бийзар екен.

Халықтың жеп семиз қойын,
Тахия пул деп баслап тойын,
Олар енди айтпас ойын,
Ел де олардан бийзар екен.

Жаплар атын етип баян,
Қазылмады ол да аян,
Күнде сынып нешше қазан,
Дийхан жәбир көрген екен.

Аш халықлар арқаланып,
Ақсақ-майып ишi жанып,
. . . . . . . . . . . . . . . .
Қашы шабыўға келген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Соқпақ сол ғой"деп ентелеп,
Қыйсық жолларды төтелеп,
Соқырды саўлар жетелеп,
Қатты ағарға келген екен.

Қалмай елде қыз-қатынлар
Тоғайдан алып отынлар,
Қара буўраны қылып минар,
Қатты ағарға басқан екен.

Қатты ағар ағысы қатты,
Зымыратады салған затты,
Байлаў бермей ағып жатты,
Көп қыйынлық болған екен.

Чимбай уезд, он бир болыс,
Жерменлерге жақты жумыс,
Суўға кетип ата қоныс,
Бас панасыз қалған екен.

Суўға толып тереӊ сайлар,
Суў түбине шөкти жайлар,
Байыўлыдай қалды байлар,
Елди бийзар қылған екен.

Алыс жаққа жоллап хатлар,
Ел тутқасы азаматлар,
Шерешиўлеп[1] басып шатлар,
Жыққынға күш салған екен.

---

[1] *Шерешиўлеп*—жыққынның алдына шөп таслап бөгеў. *(А. К.)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ҳаў қалай болды"—деп ҳаллар,
Шыдамастан кемпир-шаллар,
— Бәрекелла, күш сал баллар,—
Деп нәсият берген екен.

Сырнайшы—сырнайын шертип,
Ғәррекшилер ағаш гертип,
Етикши шәкиртин ертип,
Бар көмегин берген екен.

Қолдаўлы қоңырат елаты,
Айдос, Бегистиң әўлады,
Көлде балықшы қалмады,
Емин-еркин келген екен.

Мүйтен халқы апак-шапак,
Торта асы, жекен табақ,
Шыпырлатып қылыш шабақ,
Кемели алып келген екен.

Көкнаршылар да алақлап,
Чай қалталарын шашақлап,
Көкнар кесесин қушақлап,
Көмеклесиўге келген екен.

Қаладағы кәсип қалмай,
Асығыста азық алмай,
Суўдан басқаға көз салмай,
Суў ес-ақылын алған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбдиқәдир көрип айтты,
Арасында жүрип айтты.
Қырық бес күнде елге қайтты,
Елде әрем[1] алған екен.

Тарийх мың үш жүз отызда[2],
Жыққын кеткен сол бир жазда,
Бундай аўҳал базда-базда,
Жийи болып турар екен.

*1912—жыл.*

---

[1] *Әрем*—елде дем алғач деген мәнисте.
[2] Ҳижре есабы менен айтылып отыр. Бизин жыл санаўымыздан 1911—1912 жылларға туўра келеди.(*Н. Ж.*)

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЛ НЕГЕ ДӘРКАР

Патша тахт үстинде әдил болмаса,
Дад деп келгенлердиң кеўли толмаса,
Ғарипти зарлатып, байды қолласа,
Бундай залым патша ол неге дәркар?

Әжиздиң ҳалынан хабар алмаса,
Сағыйраға күнде нәзер салмаса,
Алдына барғанды күнде алдаса,
Бундай бәдбах басшы ол неге дәркар?

Сыйырлары атаўларға сыймаса,
Жәўҳар алтынлардың бәрин жыйнаса,
Ғариплерге бир тислем нан қыймаса,
Бундай бай-патшалық ол неге дәркар?

Пухараны қыйнап тыным бермесе,
Қыйт еткеннен дәрҳал ашыў кернесе,
Я еритпесе, яки көпке ермесе,
Дөңырайған қыңырлық ол неге дәркар?

Кәстелердиң кеўлин сорап келмесе,
Бала-шағасының ҳалын билмесе



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барын жоқ деп ҳешкимге ўәж бермесе,
Дүнья кәнизлери ол неге дәркар?

Жаслықты өткермей гүлдей жайнатып,
Шықсақ арғымаққа суўлық шайнатып,
Халықты езгенлердиң сорын кайнатып,
Дәккисин бермесең ол неге дәркар?

Сол жыл бир мың үш жүз жети сәнеде[1]
Жазған ўақтым жәдди айы және де,
Қоңсы отырып Анна, Қуйын көшеде,
Дамолла Әбдиқәдир халыққа дәркар.

---

[1] Бул жерде де Ҳижрә есабы, бизиңше 1887—1880 жылларға туўра келеди. (*Н. Ж.*)

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛАР

Дүньяға шыққан соң ашылсын бақтың,
Душпаныңнан ҳеш ўақ сынбасын сақтың,
Ели-жүртың менен хош болса ўақтың,
Хош жигиттиң бир әрманы сол болар.

Ашықлар ышқының ўапасын көрсе,
Мерекеде күлип кеселер берсе,
Теңине қосылып шад болып жүрсе,
Бахытлы дәўранды сүрген сол болар.

Биреўлер аяғын дуўры басалмас,
Арғымақ майрылса, таўдан асалмас.
Кийик қорықса, гибиртиклеп қашалмас,
Бир ылағы қалса дәрбедер болар.

Жақсыға жумысың түссе питирер,
Жаманға жумысың түссе жетирер,
Ийшанлар дуўа деп зәҳәр иширер,
Бирақ бир күн өзи қара жер болар.

Саўдагерге қонсаң қара суў берер,
Батыр баласына жасыл туў берер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийўапа ярына зәҳәр-уў берер,
Бирақ ол өзине қасымкер болар.

Алымлық кашады китап ашпаса,
Шыққан күн батады шуғла шашпаса,
Көкке ушар қыйыншылықтан қашпаса,
Билимлилер қатарынан зор болар.

Журтлар басын қосса шығар жарыққа,
Анасындай нан берип аш-арыққа,
Жақсы жигит елин қосар жарыққа,
Басшы жақсы болса мәдеткер болар.

Пухараның тамақлары тоқ болса,
Бақты ашылып, қайғы ғамы жоқ болса.
Балалары искер жанған шоқ болса,
Халық сүйген бахытлы азамат болар.

Дана болсаң надан менен таласпа,
Әбдиқәдир ақмақларды аласла,
Билгир әдил жигит болсаң жол басла,
Билимлиниң етер иси сол болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕК

Пухарағa бейим мийрим-шәфәтли,
Бир-бирине бағлы, изет-ҳүрметли,
Мейли, ол болсыныў қайсы миллети,
Пухарасы менен болар ер керек.

Дуйым пухараны ертсе изине,
Ҳәрбир инсан уйысқандек сөзине,
Досыў-душпаныны аныклап көрсе,
Шуныңдек ақыллы дана шер керек.

Көз яшлы мүминди көрип шад етсе,
Белди мәккем, көзди шамшырақ етсе,
Ғәриплерге қара түнди күн етсе,
Ел қәдирин билгендей меҳрибан керек.

Әбдиқәдир жүрер өз ели менен,
Жеткермес жақты күн еңреген менен,
Кол усласып қысыў ақраба билен,
Жолды баслар бизге бир сардар керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕГЗЕР

Шул дүньяда бирдей муңсыз бай болса,
Ийшан, болыс, яки белли бий болса,
Әлем хыраж төрт түлиги сай болса,
Дозақы, бейишми, қайсыға мегзер?

Липасы жипектен, ләптен пал тамса,
Ҳәмири күшли, қамшысынан қан тамса,
Ақ-қараны айырмастан дарға асса,
Еккисиниң қайсысына бул мегзер?

Қос-қос адам қосылысып арза айтса,
Дәўлетли—шад, жесир-жетим ўай айтса,
Байды қойып, жарлы сорлы дар тартса,
Қәне ойлаң, булар қайсыға мегзер?

Қара пухараға салығын салса,
Ғәрибиў—қәсерге шафаат қылмаса,
Аш-жалаңаш қатын-бала жыласа,
Қайсысының иси қайсыға мегзер?

Ҳәмелдарлар пухараны қыйнаса,
Жерди-сууды саған көзи қыймаса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қабы толы, сениң қабың толмаса,
Кими бейиш, кими дозаққа мегзер?

Жыйған-тергенинди қолыңнан алса,
Улыў-қызын қара пулға зар болса,
Кийер кийим яне пана болмаса,
Ойлаң елим, булар қайсыға мегзер?

Қос-қос муҳмин қосылысып ис қылса,
Өзи емес басқаларға күш қылса,
Табылғанның бәрин баяр жыйнаса,
Кимге рәҳәт, кимге дозаққа мегзер.

Әне, көриң, алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма, ол кимге дәркар,
Биз ғәрипти аямады бийриўбар,
Бар билен жоқ ҳалы бул неге мегзер?

Байлар қутылады тағдек бәледен,
Бийриўбар бередур бардың мурадын,
Ешитер қулақ жоқ жоқлардың дадын,
Айтың, ғәрип-қәсер бул неге мегзер?

Мәрдикарға барар пулы жоқ сорлы,
Қуда аямады пулы жоқ қулды,
Беҳиш—барды, дозақ—жарлыны көрди,
Бирадарлар шул гәп туғрыға мегзер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕКЕН

Қосымбеттиң қос қызы бар,
Ҳәркимлер көрмеге инкәр,
Әрман етер бир сәўер яр,
Айдек рәўшан екен.

Кәдди-қәўмети мүнәсип,
Шашбаўы-зулпы жарасып,
Бир-бирине қуп мүнәсип,
Қупыялы зийба екен.

Артық туўылған анадан,
Рәўшандур Зилийхадан,
Бәлки бәлент Ҳүрлихадан,
Он төрт кеше айдай екен.

Мисли әлипдек қәўмети,
Жаўған қардай аппақ бети,
Бир сәўер яр гүлпәҳәти,
Ана артық туўған екен.

Қызлар келди камалына,
Ҳәрким ашық жамалына,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйық көз, оймақ аўзына,
Ҳәркимлер гириптар екен.

Якшы әдет той—тойламақ,
Ашылған гүлдек жайнамақ,
Курдаслар билән ойнамақ,
Шуны әдет қылған екен.

Атасына түсти салмақ,
Көп кийимди қайдан алмақ
Қызлар болды тойға бармақ,
Кийимге мүтәжирақ екен.

Бир орамал киши болды,
Үй ишини көп шолыды,
Қолайлы ўәж табылмады,
Қызлар ҳайран болған екен.

Кызлар отыр сыңқ-сыңк күлип,
Не екенин өзи билип,
Постынның бир жеңин жулып,
Орамалға тыққан екен.

Қызлардың да болды жолы,
Орамал болды топ-толы,
Айна менен оңлы-солды,
Көрип қызлар кеткен екен.

Есик алдында салма бар,
Атлағандай емесдур тар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соқпақ жолда паяпыл бар,
Қызлар шуннан өткен екен.

Кейинги қыз еплеп өтти,
Бөксеси де булк-булк етти,
Қапылғыр жең жылысып кетти,
Жерге түсип қалған екен.

Жас жүреги алып ушып,
Ҳәйкеллерин беккем қысып,
Бул жеңниң қалғанын түсип,
Қызлар билмей кеткен екен.

Садақадан суўпы қайтты,
Паяпылға туўры тартты,
Жатқан жеңди суўпы тапты,
Көп қуўанып қалған екен.

— Үйимде бар гөне тоным,
Жыртылған еди шалғай—жеңим,
Қуп алысар тапқан жеңим,
Жамайын деп ойлаған екен.

Қуўжың-қуўжың суўпы өтти,
Үйине де келип жетти,
Жамаўдың да қәдири өтти,
Ийне сабақ излеген екен.

Сабақ, ийне таўып алды,
Жеңди дәрриў жеңине салды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөне жеңи табылмады,
Суўпы ҳайран болған екен.

— Қурған кемпир келип кетиң,
Ким жулса да баян етиң,
Бәддуўа етсем әдетиң,
Жаман болар деген екен.

Орамал орамақ басына,
Ҳешнәрсе таппай арасына,
Бәле көрингир басына,
Мәгер, қызлар жулған екен.

—Мал сорама, бер биреўге,
Болама мал деп иркиўге?
Өзи қәлескен биреўге,
Жылаў тартпай жибер,—деди.

Бола берер буннан бетер,
Қыз ҳәртүрли исти етер,
Сәллеге де гезек жетер,
Иркпей қызды бергил,—деди.

Суўпы қалды аўзын ашып,
Ҳуўшы кетип, рәңки қашып,
Қалтырақлап аяқ басып,
Суўпы мақул деген екен.

Әбдиқәдир қырық жасында,
Қағаз қәлеми қасында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чай ишип, ошақ басында,
Усы гүрриң болған екен.

Бул келиншек қыздың өзи,
Гәўҳардек жылтырап көзи,
Он жыл бурын болған сөзди,
Айтып жаздырған екен.

Жазбадым мен урыўларын,
Сөздиң туўры бурыўларын,
Ойын-күлки қылўаларын,
Көп қалдырып жазған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЙШАНЫМ

Бай өлди деп келсе хабар,
Торы атын өлгенше шабар,
Ғәрип өлсе ҳүзир[1] табар.
Аламатлар соннан болды.

Суўпы алып келсе қойды,
Сол ақшам тамаққа тойды,
Сақый деп оған ат қойды,
Аламатлар соннан болды,

Суўпы алып келсе бир ат,
Тайын тур оған рийшат[2]
Нәпсиңиз оннан да зыят,
Аламатлар соннан болды.

Рийшат бердиң ҳәр пәридке[3]
Ахайыт[4] билмеген ийтке,
Ол адам келерме дийдке,
Аламатлар соннан болды.

---

1. *Ҳүзир*—өтиниш, себеп, бәне,
2. *Рийшат*—ийшанлыққа гүўалық деген мәниде,
3. *Пәрид*—саўаты жоқ адам мәнисинде,
4. *Ахайыт*—тыйым салынбаған мәниде. (*Н. Ж.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҚСЫДЫ

Халқынан ғарғыслы қайырсыз жаннан,
Малына мийримли шопан жақсыды,
Елинен айрылған бию-болыстан,
Бирин-бири сүйген гедей жақсыды.

Салақулаш ҳалақаны таслаған,
Нәпсиқаўлық сум қыялға баслаған,
Қайыры жоқ; тек те ҳаса услаған,
Бундай пирден қара жылан жақсыды.

Елин аямастан тонағанлардан,
Харамнан мал-дүнья жыйнағанлардан,
Журттан өзин артық санағанлардан,
Үйин қорғап турған көпек жақсыды,

Ийт десең де өскен үйин қорғаған,
Харлап үрип, шийрин жанын қыйнаған,
Аямай өз елин өзи талаған,
Бундайлардан есикте ийт жақсыды.

Бул заманда ийшан, ҳәзирет, бай ҳесап;
Кәте емес, бәри десем—бийинсап.
Түйени түги билен жиберер асап,
Бундайлардан инсаплы қул жақсыды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРДИМ

Әй яранлар, тәўсип әйлей көргеним,
Жигирмаланшы жылды көрдим шадландым,
Оң жағымнан атып таңым жалтырап,
Нурына бөленип, қайтадан туўдым.

Ел басқарды жарлы-жаланаяқлар,
. . . . . . . . . . . . . . . . .
Қол усласып ериў-және ҳаяллар,
Душпанына найза урғанын көрдим.

Ел талаған мийрими жоқ жаўларды,
Аспанды тиреген аскар таўларды,
Алтын тахлы мың сан қоллы ханларды,
Қәҳәрли халық жексен еткенин көрдим.

Әбдиқәдир шайыр дәрьядай тасың,
Алпыстан асқанда қартайып жасың,
Алтыннан артық деп сөз билен басың,
Шайыр өз ныркыны тапқанын көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЙ МЕНЕН ЖАРЛЫ АЙТЫСЫ

Жарлы: — Бай аға, илтимас әйлеймен
сизден,
Бийпәм дийип гийне әйлеймен,
бизден,
Бай менен гедалық бинадур
неден,
Билермисен, бул гедаға бер
хабар?

Бай: — Хабарымды тыңлап пәм
еткил, геда,
Бизди бай, сизди геда әйлеген
куда,
Байлар менен бир хызметти
ет әда,
Берер алла яки бермес шул
хабар.

Жарлы: — Сизге берсе, бизге неге
бермеди,
Ғәрийбиў-сағийрдиң яшын
көрмеди,
Бизлерди көрмейин, сизлерни
көрди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гэп мэниси неде, аннан бер
хабар?

Бай: — Хабардар эйлейин, шукир етпейсиз,
Садақа, қайырны көплеп етмейсиз,
Етерсизиў, бэлки жөнли етмейсиз,
Нақайырны қуда сүймес, шул хабар,

Жарлы: — Сиз қайыр еткенде қайда едим, бай,
Айда емес, жылда көрмедим бир пай,
Қайыр бердим, жырып жемедим ондай,
Алсаң якшы, берсең яман, бер хабар.

Қайырыңнан болса неге бермейсең,
Сағийир-ғэрип көз яшыны көрмейсең,
Адам уғлы бэри бирдей демейсең,
Күшиңе бай, басқаға ўай, биз геда.

Ижараға алып ектим жериңди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сиз ушын тер төгип, бүктим
белимди,
Жарыға тухым, яки өгиз,
жериңди,
Көбин алдың, салық салдың биз
геда.

Бар болса сизде бар, ҳештеме
бизде,
Қуда бермеди деп айтасыз
сизде,
Байма, я қудайма бермеген
бизге,
Егерге жоқ, ишерге жоқ, биз
геда.

Гедейдиң жери жоқ, себерге
тухым,
Тухымы сирә жоқ, қайғы бир
жутым,
Кийерге кийим жок, ҳасла бир
путин
Аш-жалаңаш шуның киби, биз
геда

Жер тапсақ, тухым жоқ,
жүремиз
бираз,
Санаўлы күн өтип кетер,
қалар аз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мысал түс көргендей өтер узақ
жаз,
Писпей қалар, аш жалаңаш,
биз геда.

Жер-суў болсын жайлы, тухым
да болсын,
Өгизи жоқ жарлы сорлы не
қылсын,
Бийдики болсын, гедей кейинге
турсын,
Сизге мүтәж, еге алмаймыз,
биз геда.

Бай: — Берсем менберермен
ишаныў-пирге,
Уллы ҳәзирет, ел ийеси
пирлерге,
Мал бермесем, бәлки, берермен
теңге,
Сизге бермек парыз емес шул
хабар.

Жарлы: — Бермесең мен жуўап
берермен өзим,
Жалғаншысаң ялған ләбизиң,
сөзиң,
Кеўилим ҳалқ десең, дурыс
болсын сөзиң,
Ялған жуўап бизге емес ҳеш
дәркар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УСТАЗЫМ

Мақтум ахун атандың Мәнжиўлиден,
Уламаның бири едиң, устазым.
Ҳаялларың бир шықпайды ҳәўлиден,
Өлимедиң, тиримедиң, устазым,

Өлиге жүресең тәбәррик оқып,
Тақыўа болып, шәрияттан сөз тоқып,
Өтирикти айтып, ҳарамнан шоқып,
Өли емес, тирини жедиң, устазым...

Атамыз, бабамыз жақын ағайын,
Деп „жәннетге басыңа от жағайын",
Суўпылардың берип жүрсең сазайын,
Жериңди ислетип бәрҳә устазым.

Сизден үйренбей-ақ ҳеш бир ҳәрип,
Халық алдында устаз деймен мен ғәрип,
Шыррыйып адам демейсең сен" Шәррик"
Уламаның кәрин етпей, устазым.

Үлкен қалада ахун болып улама,
Билимли адам шыррыйыўға болама,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолдасларым тәкаббирге жолама,
Өкпелесе, өкпелей берсин, устазым.

Әжелдиң думаны түссе басына,
Жәзирим[1] етпес көзден аққан жасыңа,
Қәўми-қардашыңды жыйып қасыңа,
Үйретеди билмесеңиз, устазым.

Залымлардан көрген зулым зәҳметин,
Наданлар сонда да айтқан нағлетин,
Сен алсаң сол адамлардың раҳметин,
Өлсең изиң гәпсиз болар, устазым.

---

[1] *Жәзирим*—дадым жетпес деген сөз. (*Н. Ж*)

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУЎПЫ

Аяғында геўиш-мәси,
Өтирик сөйлеп болма әси,
Әси сөздиң болмас мәниси,
Төмен қарап отыр, суўпы.

. . . . . . . . . .

Мәсиўегиң суғып уртқа,
Кесириң тийер барлық журтқа,
Бул әдетти қойғыл, суўпы.

Суўпыман деп ерте турып,
Келинди көрсең жутынып,
Арқалы кисидей қутырып,
Итимал[1] болып жүрме, суўпы.

---

[1] *Итимал*—ҳарамы мәнисинде, (*Н. Ж.*)

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УСТАЗ

Яш уғланды устаз десем,
Дады, пәрьят билен қашты,
Таза әлип үргәт десем,
Қуллық етип қушақ ашты.

Әлибиў-әлип болур билим,
Бир яқшы сөз десе устаз,
Ҳөнер-билим үргәтсе ким,
Сол боладур бизге устаз.

Қашма-қашма болып надан,
Устаз айтса үргән мудам,
Наданлықта- қалған жаман,
Ким үргәтсе болар устаз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИГИРМА БЕШ

Атажақ танның сәҳәри,
Жас өмириниң бәҳәри,
Жигитликтиң куп әсери,
Келген мәҳәл жигирма беш.

Жигирма беш қәдирин билсең,
Өтип кетер сәл егленсең,
Ҳеш айланбас мың үргилсең,
Өмир сәни жигирма беш.

Бул яш сизиң тажы-тахтың,
Қәдирин билиң белли бахтың,
Толысып турған ўақтың,
Қызыл нардек жигирма беш.

Жигирма бештиң шағында,
Сүйген жанан қушағында,
Яр ләбиниң шарабында,
Қанып ишкен жигирма беш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигирма беш белли дәўран,
Өтип кетер сизге әрман,
Қайта келмес етсең фәрман,
Бир өткен соң жигирма беш.

Жигирма беш ашылған гүл,
Өмир бир гүл, сиз бир гүл,
Гүл шәмәнде сайрап бүлбил,
Өтер шундағ жигирма беш.

Жигирма беш қызға ҳәўес,
Демес оны ҳешким әбес,
Саўал-жуўапта дәсме-дәс,
Айтыстырар жигирма беш.

Жигирма беш туўған айдек,
Қайғыў-қапасыз бир байдек,
Көк теңизде жүрген қуўдек,
Зуўлап өтер жигирма беш.

Жигирма беш алғыр лашын,
Парқ әйлемей дағы-дашын,
Қорғап қалмай ялғыз башын,
Елин қорыр жигирма беш.

Келген бир дәўлет басыңа,
Еки келмейдур қасыңа,
Ах деп урып жамбасына,
Ғапыл өткен жигирма беш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул яш белли бир гүлистан,
Өзине арнап язса дәстан,
Болса да қандаға зимистан,
Қуп атқарар жигирма беш.

Жигирма беш истиң басы,
Шығар жигит ҳаўазасы.
Бахтыңның бул дәрўазасы,
Елитер кирсең жигирма беш.

Жигирма беш балалық шақ,
Жигирма бешке тийдирме дағ,
Елиң менен апақ-шапақ,
Елде болсын жигирма беш.

Жигирма беш қайтпас тастан,
Силтесең кескир алмастан,
Хызмет қыл орнына бастан,
Ел қәдирин бил жигирма беш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАЗЫЎДА

Жап қазады суўпы Минаж,
Қазбаслығына жоқдур иләж,
Бир жигит бар тилге мүтәж,
Шуны табың қарасыйрақ[1]

Раштан кесек қулады,
Көп адам ҳарып сулэды,
Сейпулла атам ойнақлады,
Нешик болды Ҳәмит мурап.

Сейпулла ата ала тайың,
Мен билемен сениң жайың,
Аз емесдур насыбайың,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

Сейпулла ата, ҳалыңа бақ,
Билмесең, сақалың ақ,

[1] *Қарасы йрақ*—урыўдың аты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкнаршының жайы дозақ,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

Сейпулла ата, халың қалай,
Көкнар ишип, болдың бийжай,
Исиң болмас сениң оңай,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МОЛЛА АСҚАР

Халмуратың қазан устар,
Айтпа бетиңниң пейли тар,
Мушеңде бир кемисиң бар,
Билемисең молла Асқар.

Ашыўлансаң мен кетермен,
Барымды айтып өтемен,
Жалғызаққа мегзетемен,
Сыяқынды молла Асқар.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

| | Бети |
|---|---|
| Әбдикәдир шайыр Бекимбет улы | 3 |
| Қыз-Кеткен | 19 |
| Қатты ағардан жыққын кетти | 28 |
| Ол неге дәркәр | 33 |
| Болар | 35 |
| Керек | 37 |
| Мегзер | 38 |
| Екен | 40 |
| Ийшаным | 45 |
| Жақсыды | 46 |
| Көрдим | 47 |
| Бай менен жарлы айтысы | 48 |
| Устазым | 52 |
| Суўпы | 54 |
| Устаз | 55 |
| Жигирма беш | 56 |
| Қазыўда | 59 |
| Молла Асқар | 61 |

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

# АБДИКАДИР БЕКИМБЕТ УЛЫ

## Избранные стихи

Подготовили к печати:

*Н. Жапаков.*
*А. Каримов.*

*Издательство „Каракалпакия"*

*Нукус—1966*

Редактор *Т. Нажимов* Техредактор *А. Турдымуратов*
Худ редактор. *К. Нажимов* Корректор *А. Мадреимов*

Териўге берилген ўақты 23/XI-1966 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 23-XII—66 РК 31903 Қағаз форматы 60×90 1/32 Көлеми 2,0 баспа табақ, 1,98 есап баспа табақ. Тиражы 2000.
Баҳасы 11 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Министрлер Советиниң Баспа сөз бойынша басқармасының „Правданың" 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ № 184

www.ziyouz.com kutubxonasi